

KONNEN
REYALITE
YO SOU
**VIRIS
ZIKA**

Zika se yon maladi ki pwopaje pa moustik ki enfekte nan sèten pati nan mond lan.

Pifò moun pa janm santi yo malad avèk **Zika**. Si yo malad, yo ka gen yon fyèv, gratèl, doulè nan jwenti, ak/oswa zye wouj.


Lè yon fanm ansent atrape **Zika**, li ka pase l bay tibebe l ki poko fèt la.



Viris **Zika** ka lakoz domaj nan nesans tankou domaj sèvo lakay yon tibebe ki poko fèt. Tibebe ki atrape Zika anvan yo fèt ka rete malad pandan tout rès lavi yo.



Lè moun vwayaje nan zòn yo ki gen **Zika**, yo ka retounen nan Massachusetts avèk viris la epi pwopaje l pandan yap fè sèks.



Menmsi moun yo pa santi yo malad, yo ka toujou transmèt **Zika** a yon tibebe ki poko fèt lè yap fè sèks.

PWOTEJE TIBEBE
W LA KI POKO FÈT
KONT VIRIS

ZIKA



Pandan ou ansent, retade oswa evite vwayaj nan zòn yo ki gen **Zika**. Si ou dwe vwayaje, fè tout bagay ou kapab pou evite moustik mòde w.



Ou ka evite moustik mòde w lè ou sèvi avèk espre moustik, mete rad ki kouvri bra ak janm ou epi dòmi anba moustikè.

Si ou ansent epi swa oumenm oswa patnè w te ale nan yon zòn ki gen **Zika**, al wè doktè oswa fanmsaj ou lè w retounen Massachusetts.

Pandan ou ansent, si patnè w te vwayaje nan yon zòn ki gen **Zika**, itilize kapòt oswa retade fè sèks jiskaske tibebe w la fèt.



Si w pa ansent e oumenm avèk patnè w vwayaje nan yon zòn kote ki gen **Zika**, itilize kapòt pou anpeche gwosès.

Ou ka pwoteje tèt ou ansanm avèk tibebe w la ki poko fèt kont **Zika**.

Aprann dènye enfòmasyon sou Zika.

Visit mass.gov/zika
oswa rele 617-983-6800

TM3930

